

Politik ak Pwosedri Resous Zimèn pou Tout Antrepriz la

Sijè: ITILIZASYON REZO SOSYAL	Anplwaye ki Afekte yo: TOUT	Politik # HREW	Rev. 1
---	---------------------------------------	--------------------------	------------------

OBJEKTIF

Objektif politik sa a se pou bay tout anplwaye Cleveland Clinici yo règ ak direktiv pou patisipasyon nan rezo sosyal (yo konnen tou sou non rezotaj sosyal). Politik sa a pral aplike pou nenpòt etidyan, volontè, kontraktè, oswa founisè ki gen obligasyon pou konfòme li ak politik ak pwosedri Cleveland Clinic yo. Entansyon Politik sa a se pa pou limite sikilasyon enfòmasyon ki itil epi apwopriye men pou pwoteje enterè Cleveland Clinic, anplwaye li yo, ak pasyan li yo. Entansyon politik sa a se pa pou limite dwa okenn anplwaye dapre Lwa Nasyonal sou Relasyon Travay lan (NLRA) epi li pa aplike pou komunikasyon NLRA pwoteje.


POLITIK

Menm lè Cleveland Clinic rekonèt valè rezo sosyal antanke zouti pou kominike ak rasanble enfòmasyon, tan ki pase nan pibliye oswa gade sit rezo sosyal yo pa dwe entèfere ak responsablite travay yo.

Nan kad komunikasyon sou sit rezo sosyal Cleveland Clinic yo oswa komunikasyon sou Cleveland Clinic oswa antanke reprezantan Cleveland Clinic sou nenpòt sit rezo sosyal ki pa afilye ak Cleveland Clinic, yo atann nou pou anplwaye Cleveland Clinic yo swiv menm estanda ak politik yo ki nan yon lòt ka aplike ak yo menm jan ak yon anplwaye Cleveland Clinic la. Pa egzanp, aktivite rezo sosyal tonbe anba politik Cleveland Clinic yo ki fòmèlman entèdi diskriminasyon, asèlman, menas, ak entimidasyon. Direktiv ki prezante nan HIPAA Cleveland Clinic yo ak politik Enfòmasyon Konfidansyèl yo aplike tou ak aktivite rezo sosyal tankou kòmantè ki pibliye sou Facebook, blòg oswa diskisyon sou fowòm, menm jan pou direktiv yo ki prezante nan politik Itilizasyon Telefòn ak Telefòn Selilè Cleveland Clinic lan.

Anplwaye yo pa dwe pibliye kontni sou kòlèg travay yo, sipèvizè, oswa sou Cleveland Clinic ki vilgè, obsèn, menasan, entimidan, k ap fè asèlman, difamatwa, oswa kont enterè lejitim biznis Cleveland Clinic. Ni anplwaye pa ka pibliye kontni ki vyole politik espas travay Cleveland Clinic yo ki kont diskriminasyon, asèlman, oswa ostilite akòz laj, ras, relijyon, sèks, etnisite, nasyonalite, andikap, oswa lòt klas pwoteje, estati, oswa karakteristik. Piblikasyon inapwopriye gendwa genyen, pa egzanp, remake diskriminatwa; asèlman sou baz ras, sèks, andikap, relijyon oswa lòt karakteristik ki pwoteje; move piblikasyon ki fèt nan entansyon pou sal repitasyon yon moun; piblikasyon ki ta ka kontribye ak yon anviwònman travay ostil; ak menas vyolans oswa lòt konduit inapwopriye ki similè. Anplwaye yo ta dwe itilize bon jijman ak diskresyon pandan y ap kreye piblikasyon yo.

Nan enterè pou nou veye vi prive pasyan nou yo, anplwaye yo pa dwe pibliye okenn kontni ki gen ladan l foto, non, resanblans, deskripsyon oswa okenn atribi oswa enfòmasyon moun ka idantifye – ki gen rapò ak okenn pasyan Cleveland Clinic. Piblikasyon k ap fè tantativ dekri yon pasyan espesifik ak/oswa sityasyon swen yon pasyan, oswa ki genyen mwayen pou idantifye yon pasyan, oswa yon konbinezon ki gendwa debouche sou idantifikasyon yon pasyan espesifik dirèkteman oswa endirèkteman, inapwopriye epi fòmèlman entèdi. Vyolasyon politik Cleveland Clinic yo ki fèt sou entènèt oswa sou rezo sosyal gendwa fè koupab la fè fas ak aksyon disiplinè ki genyen ladann revokasyon.

Dat Efektif: 05/10/2009 02/01/2013	Dat Piblikasyon: 05/10/2009	Moun ki Prepare li a: Holly Reilly	Apwobasyon:  J. Patrnochak	1 sou 4
---	---------------------------------------	--	---	---------

Politik ak Pwosedri Resous Zimèn pou Tout Antrepriz la

Sijè: ITILIZASYON REZO SOSYAL	Anplwaye ki Afekte yo: TOUT	Politik # HREW	Rev. 1
---	---------------------------------------	--------------------------	------------------

DIREKTIV

A. Rezotaj Sosyal ki Otorize


1. Anplwaye ki, nan kad responsablite travay yo gen otorizasyon pou epi ki swete pibliye kontni sou yon sit rezo sosyal Cleveland Clinic, dwe dabò jwenn otorizasyon nan men sipèvizè yo ak Kominikasyon Antrepriz lan (pou sa y ap voye yon imèl bay ekip Kominikasyon Piblik Antrepriz lan ak Relasyon Medya yo nan pubmedrel@ccf.org).
2. Cleveland Clinic bay pwopriyete elektwonik li yo, tankou laptop, PC, telefòn ak lòt aparèy ak anplwaye yo sèlman nan objektif pou atenn objektif antrepriz la. Tanpri konsilte Politik sou Itilizasyon Apwopriye Cleveland Clinic avan ou sèvi ak aparèy sa yo epi angaje ou nan aktivite rezo sosyal.

B. Swivi Patwon an

1. Anplwaye yo pa ta dwe gen atant vi prive parapò ak okenn kominikasyon yo voye apati sistèm enfòmatis oswa rezo Cleveland Clinic yo. Epi tou, anplwaye yo pa ta dwe gen okenn atant vi prive lè y ap sèvi ak rezo sosyal pandan lè travay oswa anrapò ak nenpòt bagay ki pibliye kote piblik la anjeneral gen aksè avèk li.
2. Aktivite rezo sosyal k ap sèvi ak resous elektwonik Cleveland Clinic yo tonbe anba politik Cleveland Clinic yo, ansanm ak Politik sou Itilizasyon Akseptab la. Cleveland Clinic pral, nan diskresyon li, egzamine ak limite aktivite rezo sosyal nan nivo total lalwa rann li aplikab.

C. Règ pou Medya Sosyal ak Rezotaj Sosyal

1. Nan enterè pou nou veye vi prive pasyan nou yo, anplwaye yo pa dwe pibliye okenn kontni ki gen ladann foto, non, resanblans, deskripsyon oswa okenn atribi oswa enfòmasyon moun ka idantifye – ki gen rapò ak okenn pasyan Cleveland Clinic sou okenn fòm rezo sosyal oswa okenn lòt pati. Piblikasyon k ap fè tantativ pou dekri nenpòt pasyan espesifik ak/oswa sitiyasyon swen pasyan, oswa ki gen ladann idantifyan pasyan, oswa nan konbinezon ak lòt enfòmasyon ki gendwa ede idantifye yon pasyan anpatikilye dirèkteman oswa endirèkteman, inapwopriye epi fòmèlman entèdi.
2. Tan k ap pase nan piblikasyon oswa gade nenpòt sit rezo sosyal, tankou sit rezo sosyal Cleveland Clinic yo, pa dwe entèfere oswa afekte responsablite travay yo.
3. Nan objektif pou respekte tout dwa otè ak lwa sou pwopriyete entèlektiyèl yo ak enterè Cleveland Clinic nan itilizasyon mak li a, anplwaye yo pa dwe sèvi ak non, logo, mak depoze oswa pwopriyete grafik Cleveland Clinic nan yon fason ki ka sigjere anplwaye a ap reprezante Cleveland Clinic san li pa resevwa pèmasyon nan men Responsab Anchèf Maketin ak Depatman Taks lan. Si gen otorizasyon ki bay, yon anplwaye pa dwe kreye yon paj rezo sosyal ak logo Clinic la ki plase yon jan ki sigjere moun k ap li yo Cleveland Clinic ap sibvansyone oswa sipòte paj la oswa nenpòt enfòmasyon ki genyen sou li. Anplwaye yo pa dwe sèvi ak logo, mak depoze, oswa pwopriyete grafik Cleveland Clinic nan okenn aktivite komèsyal. Ni nonplis anplwaye yo pa dwe sèvi ak logo, mak depoze, oswa pwopriyete grafik Cleveland Clinic pandan yo ap angaje yo nan konduit ki vyole politik Cleveland Clinic

Dat Efektif: 05/10/2009 02/01/2013	Dat Piblikasyon: 05/10/2009	Moun ki Prepare li a: Holly Reilly	Apwobasyon:  J. Patrnochak	2 sou 4
---	---------------------------------------	--	---	---------


Politik ak Pwosedir Resous Zimèn pou Tout Antrepriz la

Sijè:	Anplwaye ki Afekte yo:	Politik #	Rev.
ITILIZASYON REZO SOSYAL	TOUT	HREW	1

4. Anplwaye yo pa dwe sèvi ak adrès imèl antrepriz la pou enskri sou ankenn kont rezo sosyal oswa sit, oswa kòm idantifyan yo bezwen pou patisipe nan okenn aktivite rezo sosyal, eksepte pou angaje yo nan aktivite rezo sosyal Cleveland Clinic otorize ak pou objektif biznis Cleveland Clinic.
5. Anplwaye yo pa dwe pibliye foto lòt anplwaye Cleveland Clinic sou sit rezo sosyal yo san pèmasyon lòt anplwaye a. Règ sa a pa entèdi piblikasyon foto kòlèg travay ki angaje nan aktivite NLRA pwoteje.
6. Anplwaye yo pa dwe pibliye okenn kontni sou okenn rezo sosyal ki gen rapò ak enfòmasyon konfidansyèl oswa pwopriyete Cleveland Clinic, pasyan li yo oswa founisè li yo, tankou enfòmasyon sou sante oswa sekre komèsyal. Sekre komèsyal yo gendwa genyen ladan yo enfòmasyon ki anrapò ak devlopman sistèm, pwosesis, pwosedir oswa lòt kominikasyon konfidansyèl ki anrapò ak biznis entèn. Se pa pou limite dwa ankenn anplwaye dapre Lwa Nasyonal sou Rapò Travay (NLRA) epi li pa aplike pou kominikasyon NLRA pwoteje.
7. Yo ta ka konsidere deklarasyon sou sit rezo sosyal yo kòm sipò dapre Direktiv Komisyon Komès Federal yo, 16 CFR Pait 255 ("255"). Nan ka sa a, si anplwaye a rekòmande youn nan pwodui oswa sèvis Cleveland Clinic yo sou nenpòt sit rezo sosyal, anplwaye a dwe montre li presi epi montre relasyon anplwaye/patwon an. Fè fo deklarasyon, oswa deklarasyon san fondman, oswa enkapasite pou fè piblikasyon ki aplikab, gendwa rann anplwaye a responsab dapre lalwa.
8. Anplwaye yo pa dwe sèvi ak sit Cleveland Clinic sibvansyone yo pou fè solisitasyon oswa fè pwomosyon pou biznis pèsònèl oswa lòt òganizasyon, tankou men ki pa limite ak biznis komèsyal ekstèn, charite, kanpay politik, oswa gwoup relijye. Pa egzanp, anplwaye yo pa dwe sèvi ak sit Cleveland Clinic sibvansyone yo pou fè pwomosyon pou biznis kosmetik oswa pou yon kandida politik. Sèvi ak sit Cleveland Clinic sibvansyone yo pou mande pou fè solisitasyon oswa fè pwomosyon pou aktivite Cleveland Clinic apwouve egzijè yon apwobasyon sipèvizè anplwaye a ak Direktè Egzekitif Kominikasyon Antrepriz la.
9. Si rezo sosyal yon anplwaye genyen ladann nenpòt enfòmasyon ki anrapò ak Cleveland Clinic, anplwaye a pa dwe reprezante nan okenn fason anplwaye a ap pale nan non Cleveland Clinic, amwenske anplwaye a gen otorizasyon pou fè sa oswa aktivite konsa nan kad aktivite travay regilye anplwaye sa a. Si nenpòt nan aktivite ou yo kreye yon risk yon lòt pati gendwa kwè ou ap aji nan non Cleveland Clinic, ou dwe itilize yon nòt non responsablite apwopriye, tankou: "Piblikasyon sou sit sa a se pou mwen yo ye epi yo pa refleto opinyon Cleveland Clinic."
10. Anplwaye yo pa dwe pibliye kontni sou sit Cleveland Clinic sibvansyone yo pou sipòte okenn pwodui oswa sèvis, fè presyon oswa solisitasyon pou kontribisyon pou nenpòt kandida oswa pati politik, oswa diskite sou kanpay politik, pwoblèm, lejislasyon oswa lwa.

DEFINISYON

Kontni - Anplwaye, biznis, pasyan, oswa enfòmasyon finansye, pratik swen sante oswa pwotokòl, oswa nenpòt enfòmasyon yo transmèt oswa kenbe sou nenpòt fòm oswa mwayen tankou tèks, imaj, videyo, ak fòm a odyo (gade Politik Konfidansyalite ak Enfòmasyon Pasyan).

Dat Efektif: 05/10/2009 02/01/2013	Dat Piblikasyon: 05/10/2009	Moun ki Prepare li a: Holly Reilly	Apwobasyon:  J. Patrnochak	3 sou 4
---	---------------------------------------	--	---	---------

Politik ak Pwosedi Resous Zimèn pou Tout Antrepriz la

Sijè:	Anplwaye ki Afekte yo:	Politik #	Rev.
ITILIZASYON REZO SOSYAL	TOUT	HREW	1

Medya Sosyal (Rezotaj Sosyal) - Medya ak Rezo Sosyal genyen ladann men pa limite ak sa ki swiv yo:

- Sit entranèt entèn ak blòg Cleveland Clinic yo;
- Sit wèb piblik entènèt Cleveland Clinic yo;
- sit rezo sosyal yo tankou Facebook®, MySpace® oswa LinkedIn®;
- blòg (tankou blòg biznis oswa pèsonèl ak kòmantè sou blòg yo) ak lòt jounal sou entènèt epi jounal entim;
- fowòm ak sal tchat, tankou espas diskisyon, Yahoo! Groups®, oswa Google® Groups;
- mikwoblogaj, tankou Twitter®;
- ansiklopedi sou entènèt, tankou Wikipedia®; ak
- sit ki baze sou videyo oswa imaj tankou Flickr®, YouTube® ak lòt medya ki sanble.

Anplis pou bibliye sou sit entènèt tankou sa ki mansyone pi wo yo, medya sosyal ak rezotaj sosyal gen ladann tou pèmèt oswa pou lòt moun pa retire piblikasyon kote yon anplwaye ka kontwòle kontni piblikasyon yo, tankou yon pwofil pèsonèl oswa blòg.

SIPEVIZYON AK RESPONSABLITE


Resous Zimèn responsab pou devlopman ak revize politik sa a. Administratè depatman ak sipèvizè yo responsab pou administrasyon inifòm politik sa a. Anplwaye yo responsab konfòme yo ak dispozisyon politik sa a nan itilizasyon sit entènèt rezo sosyal yo.

MOUN KI PIBLIYE A

Relasyon Anplwaye, Resous Zimèn

REFERANS POLITIK LA

Aksyon Korektif
 Elektwonik ak Mesajri Vokal
 HIPAA
 Manyèl Vi Prive Sekirite Enfòmasyon
 Non-Diskriminasyon, Asèlman, Vanjans
 Konfidansyalite Pasyan
 Itilizasyon Telefòn ak Telefòn Selilè

Dat Efektif: 05/10/2009 02/01/2013	Dat Piblikasyon: 05/10/2009	Moun ki Prepare li a: Holly Reilly	Apwobasyon:  J. Patrnochak	4 sou 4
---	---------------------------------------	--	---	---------